Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 24 апрель Рузман № 16 (7947) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

КIудияб Бергьенлъиялъ - 81 сон

## 9 май: байрамалъул тарих ва гIадатал

2026 соналъул 9 маялда 81 сон тIубала КIудияб ВатIанияб рагъда советияб халкъалъ бергьенлъи босаралдаса. Гьеб тарих кIодо гьабула Россиялда гуребги цогидал улкабаздаги.

**КIудияб ВатIанияб рагъда СССР бергьараб куц**

Дунялалъул кIиабилеб рагъ Советияб Союзалде бачIана 1941 соналъул 22 июналда ва халат бахъана ункъо соналде гIагарун. 1944 соналда советиял аскарал гьужумалде рахьана ва байбихьана цере кверде росун рукIарал ракьаздаса тушман нахъе гьезе. 1945 соналъул апрелалда рагъухьаби щвана Германиялъул тахшагьар Берлиналде. Нацистазул щулалъиги бихххизабун, Балтиялъул ральдахъ щвезе ва нацистазул аслиял къуватал тIагIинаризе рес кьураб цохIо Бакъбаккул Пруссиялъул рагъда кIудияб ками ккана БагIараб армиялъе - тIагIана 600 азаргоялдаса цIикIкIун рагъухъан. Гаммаб кьагIидаялъ КIудияб ВатIанияб рагъда СССРалъул камуна 26,6 миллион чи. ГIадада ккечIо гьезул къурбанал - 2 маялда гьужум щвана ахиралде, цебесеб къоялъ рейхстагалда тIад борхана Бергьенлъиялъул байрахъ.

Дунялалъул кIиабилеб рагъда Германия тIубанго кьей ва гьель капитуляция лъазабиялъул документалда гьолбас гьабуна кIиго нухалъ. ТIоцебесеб нухалъ гьелда гьолбас гьабуна 7 маялда Франциялъул Реймс шагьаралда Американалъул генерал-лейтенант Уолтер Смитица ва советияб пачалихъалъул генерал-майор Иван Суслопаровас. Гьеб лъугьабахьиналъул нугIлъун вукIана Франциялъул бригадаялъулав генерал Франсуа Севес.

8 маялда Советияб Союзалъ тIалаб гьабуна Германиялъ капитуляция лъазабиялъул кIиабилеб актлда гьолбас гьабизе. Гьеб букIана рагъ лъугIиялъе бугеб цохIо шартI. Гьеб гуребги, Иосиф Сталин рази вукIинчIо гьеб актлада, кьезабураб Германиялъул тахшагьаралда гуреб, Франциялда гьолбас гьабиялда. Германиялъ капитуляция кьабул гьабиялъул кIиабилеб актлада гьолбас гьабуна Германиялъул Карлсхорст шагьаралда къаси 8 абилелдаса 9 абилеб маялда сагIат 22с.43м. тIубараб мехалда (москваялъул заманалда рекъон 9 маялда 12с.43мин).

Совет Союзалъул маршал Георгий Жуковас кьабул гьабуна Германиялъ капитуляция лъазабиялъул кIиабилеб акт. Гьеиб гьолбас гьабун хадуб, Германиялъул хIукумат бихххизабуна, ва, ахир-къадги, Германиялъул аскариязда ярагъ гIодобе лъуна. Амма Германиялъулгун рагъ къанунияб кьагIидаялъ лъугIичIо 1955 соналъул 25 январалда гурони, гьеб заманалде щвезегIан немцазул рагъул асирзабаз кумек гьабулеб букIана чIунтарал СССРалъул шагьарал ва росаби цIигьариялъе.

**Бергьенлъиялъул къоялъул тарих**

СССРалъул ТIадегIанаб Советалъул Президиумалъул КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъиялъул къо байрамлъун чIезабиялъул указалда гьоркь гьолбас лъун букIана 1945 соналъул 8 маялда, гьеб указалда хьван букIана 9 май хIалтIулареб къолъун рикIкIине. Гьеб букIана 9 маялда радал сагIат 2:10 тIубараб заман. Гьеб мехалъ лъана советияб халкъалда Германиялъ капитуляция лъазабурблъи. ТIолгосоюзалъул радиоялъул диктор Юрий Левитан лъугьана Бергьенлъиялъул гьаракълъун: гьес тIоцебе цIалана фашистазул Германиялда тIад бергьенлъи босиялъул ва рагъ лъугIиялъул лъазаби.

Гьеб сордоялъ къаси Москваялъ рагъ лъугIи кIодо гьабуна гвангьарал салютаздалъун, азарго туманкIалдаса лъабкъоялда анцIго залпи кьвагьизабун.

**Бергьенлъиялъул тIоцебесеб парад 1945 соналда**

Гьанже Москваялда 9 маялда БагIараб майданалда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIула Бергьенлъиялъул парад. ТIоцебесеб Бергьенлъиялъул парад тIобитIана 1945 соналъул 24 июналда Москваялда. Гьеб кьабул гьабуна маршал Георгий Жуковас, парадалъе нухмалъи гьабуна Маршал Константин Рокоссовскияс. ТIубараб парадалда мавзолеялъул трибунаялда чIун вукIана пачалихъалъул бетIер Иосиф Сталин.

**9 Маялъул гIадатал**

Бергьенлъиялъул тIоцебесеб къоялдаса нахъе Россиялда ккана гIезегIан гIадатал. Гьанже гьеб къоялъ тIоритIула батIи-батIиял байрамалъулал тадбирал ва рохалилал парадал, гьединго тIобитIула «Хвел гьечIеб полк» абураб акция.

**Бергьенлъиялъул парадалъул тадбир**

Совет хIукуматалъул заманалда анцIила кIиябго БахIарчияб шагьаралда ва Бресталъул хьалаялда тIоритIулел рукIана парадал. Бресталъул хьалаялда байбихьана тIоцебе фашистияб Германиялъ СССРалде тIаде гьужум гьабизе.

Гьанже улкаялъул чIахIиял шагьаразда гIадатияб кьагIидаялда тIоритIула парадал, гьенир гIахьаллъулезул къадарги щибиб соналъ цIикIкIунеб буго.

## Бергьенлъиялъул байрахъ



Агъвали райадминистрациялъул минаялда цебе тIибитIана Бергьенлъиялъул Байрахъ. КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялда хурхун патриотикияб акция тIобитIана спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул рахьалъ хIалтIи гьабулеб отделалъ. Гьенир гIахьаллъана районалъул учреждениябазулгун организациябазул ва райадминистрациялъул хIалтIухьаби, Агъвали гимназиялъул цIалдохьаби. Акция лъугьана рагъул гIахьалчагIаздехун бугеб хIурматалъул налъилъун ва патриотикиял тадбиразулъ районалъул гIолилазул жигараб гIахьаллъиялъул гвангьараб мисаллъун.

Акциялъул гIаламатлъун букIана 1945 соналъул 1 маялда Берлиналда Рейхстагалъул минаялда борхун букIараб Бергьенлъиялъул байрахъалъул копия.

Акциялъул мурад букIана КIудияб ВатIанияб рагъул соназда советияб халкъалъул бахIарчилъиялъул тарихияб ракIалдещвей цIуни, гIолилазда гьоркьоб патриотизм куцай, Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабун районалда тIоритIулел тадбиразда гIадамал машгъул гьари.

**МухIамад МухIамадов**

Конкурс

## ХIинкъи гьечIеб гьакибер

КIудияб бергьенлъиялъ 81 сон тIубаялда бан гьал къояз жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул ГИБДДялъул хIалтIухьабаз Агъвали тIобитIана цIалдохьабазда гьоркьоб гIолилал инспекторазул «ХIинкъи гьечIеб гьакибер» абураб санайилаб ТIолгороссиялъулаб конкурс. Гьеб балагьизабураб букIана лъималазе нухазда хIинкъигьечIолъи букIинабиялде ва гьел нухазда жагьаллъи ккеялдаса цIуниялде. Тадбиралда гIахьаллъана районалъул школаздаса цIалдохьаби-гIолилал инспекторал, учительзаби, жанисел ишазул отделалъул хIалтIухьаби, районалъул больницаялъул специалистал.

Гьенир тIоритIана тематикиял хIалбихьиял, ГИБДДялъул хIалтIухьабаз рихьизаруна, велосипедазда ва самокатазда хьвадулаго, нухазда кваликвалал лъугIизариялъул кьагIидаби, бицана гьениб хIинкъигьечIолъи цIуниялъул кIваралъул.

Райбольницаялъул хIалтIухьаналъ бихьизабуна нухазда аварияздe ккаразе медицинаялъул хIалтIухьаби тIаде щвелалде тIоцебесеб кумек кин гьабизе кколебльи. Гьединго бицана лъималаз велосипедал ва скутерал хIалтIизарулаго хIинкъигьечIолъи цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ.

ЦIалдохьабаз рихьизаруна нухазда хьвадиялъул кьагIидаби, медицинаялъул кумек гьабизе бугеб махщел.



Данделъиялъул ахиралда цIалдохьабазе рес щвана полициялъул хIалтIухьабазе суалал кьезе ва чIванкъотIарал жавабал щвезе.

«ХIинкъи гьечIеб гьакибер» абураб тадбир ккана нухазда хьвадиялъул хIинкъигьечIолъиялъул культура цебетIезабиялъе лъураб кIвар бугеб галилъун.

ГуцIарухъабаз кIвар буссинабуна гьединал тадбираз нухазда авариябм ккей дагьлъизари гуребги, полициялъулгун медицинаялъул хIалтIухьабазул ва жамгIияталъул цадахъаб хIалтIи гIуцIизе ва лъималазда гьоркьоб нухазда хIинкъигьечIолъиялъул культура куцазе кумек гьабулеб букIиналде.

**Берцинай КъурамухIамадова**

## КIудияб Бергьенлъиялъ - 81 сон

**МухIамад Коратов**



81 соналъ цебе КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда Белорусиялъул Хатыналда ккараб талихI къосараб ишалъ жакъаги рекIее к1удияб асар гьабулеб буго.

1943 соналъул 22 марталда Белорусиялъул Хатынь росулъ нацистазул тамихI гьабулел къуватаз чIагого вухIана 149 чи ( херал, руччаби ва лъимал).

Рагъулаб къуваталдалъун бахъараб гьеб росулъ нацистаз ва гьелгун цадахъ хIалтIулел рук1араз гIемерал гIадатиял гIадамал тIагIинариялъул гIаламат хIисабалда ва ракIалде щвеялъул мурадалда 1969 соналъ росу букIараб бакIалда рагьана «Хатынь» мемориалияб комплекс.

Хатынь ракIалде щведал, нилъеда ракIалде щола КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда фашистаз риххизарурал аза-азар цогидал росабигун шагьарал, фашистазде данде рагъулаго хварал гIадамал.

КIудияб ВатIанияб рагъда хварав имгIалаcул хоб цIехон, араб соналъ риидал жиндирго хъизан-лъималгун Белорусиялде щвана МухIамад Коратов. Щвана гьев Хатыналдеги. Гьеб сапаралъ жиндие гьабураб асаралъул хIакъалъулъ хъвалеб буго МухIамадица жиндирго кучIдузулъ.

## Ракке Хатыналде

Фашизм - щиб жояли лъазе бокьарал,
Ракке Хатыналде хобал рихьизе.
ЧIагоял гIадамал бокьореги гъун,
Нарт тIун цIаги баккун цIергIан рухIарал.

КъватIир рорчIаралги гулил цIадги бан,
Расги гурхIичIого чIва -чIван рехараб.
Гьеб цо росу гуро нус- нус гьединал,
Росаби тIагIарал гьаб ракьалдаса.

ГIадамал рукъарал хабзал гIемерал,
Щибаб шагьаралда росу ракьалда.
Росаби рукъарал хабзал рихьизе,
Щва нуж Хатыналде цо нухалъгIаги.

Гьоркьоб къотIичIого щибаб минуталъ,
Хварал кIочон гьечIин, кIочене гьечIин,

Фашистазда мукIур гьаризе кIвечIел,
ГIадамазе цIурмил ахIи рагIизе.

ДагьабгIаги чорхолъ гIаданлъи бугес,
Бераз магIу ккевзе рес гьечIо гьениб.
ГIисинал, чIахIиял, хIисаб гьечIого,
ЦIадар рухIаразул пикру гьабидал.

Гьедин ракьалдаса тIагIинарурал,
ТIолазе лъун руго мармарул занал.
Зонодаги, бекIун чIегIерал хIарпаз,
Хъван руго киналго росабазул цIар.

Росаби рукIарал бакIалъа босун,
Жаназа гIадинан букъун буго ракь.
Дие рахIат гьечIо гьаб ракьалда тIад,
Фашистазул къавмал хьвадулел рукIун.

.............

## Доба Хатыналда буго гIаммаб хоб

Доба Хатыналда буго гIаммаб хоб,
ЦIадар рухIаразул хутIел букъараб.
Хабада лъун буго кIудияб зани,
Ракь бачун гохI гьабун борхалъиялда.

ХъахIаб мармар гьецIол къедгIанаб зани,
ВатIаналъе гIоло фашизмаялъе,
МутIигIлъичIого рухI бичун аразе,
РакIалде щвеялъе ВатIан хирият.

Зонода хъван руго кIиябго рахъалъ,
Цояб рахъалъ буго хваразул тIадкъай.
Цогидаб рахъалда чIагояз гьезий,
БетIер къулун кьолел жавабал руго.

Нуж нижей рокьулел лъикIал гIадамал,
Ниж цIадулъ рухIана чIагого рукIун.
ВатIанги бокьулел гIумру хирият,
ВатIаналъе гIоло ана къаникье.

Нужедехун нижер цо гьари буго,
Гьал къваридал къояз нуж къвакIейилан.
БахIарчилъи къуват тIолго халкъазул,
Ракьалда ракълие бусинабеян.

Жакъа къоялдаса нахъ гьаб дунялалда,
Рекъел букIиналъе хIалтIизабеян.
ТIокIалъ гьаб ракьалда цIадул хIенехI хъван,
ГIадамазул гIумру хвезе тогеян.

Нуж мукIурлъуларел ва мукIурлъичIел,
ВатIан хириязул мухъилъе арал.
Фашистазда цебе наку чIвачIого,
Хвел тIаса бищараб советияб халкъ.

Нуж нижей гIагарал гIадамал руго,
БетIер къулун чIела нужеда цере,
Дол чIегIерал къояз фашизмаялъе,
БетIер къуличIого къаникье арал.

ВатIаналде рокьи совет халкъалъул,
ГIасрабаз цIунила нижеца рекIелъ.
Халкъазул рекIелъа нуж рахъинаро,
Зобги, ракьги,, бакъги чIаго букIаго.

Нужеца рухI къуна нижее гIоло,
Дунялалда халкъал лагълъиялдаса,
Хвасар гьариялъе хвел тIаса бищун,
Эбел - ВатIаналде божилъиги къун.

.............

## Гьале доб Берёза шагьар

Белоруссиялъул Береза шагьар,
ВатIанияб рагъда дир имгIалаcул
Немцазул бомбаялъ кескалги гьарун
ТIоцересел къояз рухI босун араб.

Гьесул лъалкIда хадув хоб цIехолаго
Жакъа щвана гьанив Березаялде.
Гьесул рухI босараб казармаялда
Рогьана цо сордо квешгин лъикI дица.

БукIараб казарма жакъасеб къоялъ
Гостиница рагьун буго цIи къачIан.
Гьесул рухI босараб койка букIараб
БакI щун батила дий къаси къижизе.

Гьеб казармаялда музейги буго
Гьениб нух лъугьинчIо гIодобкъо батун.
Метерисеб къоялъ, Бичас виччани,
Вахъина дун къватIив, гьесул лъалкI цIехон.

## Динияб бокIон

## Лукъманул ХIакимил малъа-хъваял

**«Мун гIадамаздехун вусса, - ян абулеб буго Лукъманица васасда, - салам кьолелъул, кIалъай гьабулелъул; дандчIвараб мехалъ берцинаб гьумергун, тамахаб рагIигун. ЧIухIарал чагIаз гIадин дуца гьездаса гьумер буссинабуге, гьел хIакъирлъун рихьун, хасго фукъарааздехун, дуца ращадги гьаре фукъараалги бечедал чагIиги».**

Хадубги абулеб буго Лукъманица васасда: «Мун ракьалда тIад чIухIун хьвадуге, ТIадегIанав Аллагьасе рокьуларо чIухIарал чагIи. Дуца вилълъанхъиялъулъги цIуне гьоркьохъеб къагIида, ай цIакьго хехги гуреб, цIакьго хIинцги гуреб къагIида. Дуца, гIадамалгун кIалъалеб мехалъ гьаракьги гIодобегIан гьабе, ай гьавугьин кIалъай, ахIдон кIалъачIого, хасго дудасаго чIахIиялгун кIалъалелъул. Жиндилъ пайда гьечIеб жоялъулъги гьаракь борхизе гьабуге, масала, жамагIаталда рагIизе хIажатаб къадаралдаса цIикIкIун имамас гьаракь борхизе гьабунгутIиялда рельълъун. Бищунго къабихIаб, рагIизе бокьулареб гьаракь хIамил буго».

Балагьеха диналъул агьлу, гьал малъа-хъваял цебе заманалда гьарун рукIун ратаниги, жакъа къоялъги гьалъул бугеб хIажалъи. Нилъер заманалда гIемер халалъула кIалъалаго, салам кьолаго гьумерги добехун буссинабун яги телефоналъ кIалъалел рукIунел хIужаби. ХIакъикъаталдаги гьеб кколеб буго чиясул хIурмат рехун тей. КIалъай байбихьулаго, берцинаб гьимигун рукIин, цIакъ къанагIалъун буго. КIиго багъизе биччараб хIелекогIадин рукIунел руго цоцада дандчIвалаго. Гьелъул хIасилалда цоцазул ракIхвейги кколеб буго. Гьеле цоги мисал халкъалда гьоркьоб лъикIаб тIабигIат цIуниялъе.

Цогидав чи гIодовегIанлъун вихьиги камулеб гьечIо. Хасго машина бачунезда гьоркьоб загьирлъулеб буго гьеб. Цо дагьабниги багьаяб машина рекIарасда цогидал берзукьго чIезехъин гьечIо. Нухда унаго цоцазе кваклвал гьабулеб буго, хасго дагьабниги учузаб машина бугесе нух кьезе бегьулебинго кколаро.

Цоцада кIалъалаго гьаракь борхиялъул гIорхъи цIунизе лъалеб гьечIо. Хасго гIемерал гIадамал ракIарараб бакIалда, цогидазул рахIат холеб букIиналъухъ балагьичIого, ахIдон гаргадулел руго. Гьеб сабабалъе ккун цоцада гьоркьоб рагIи-хабарги кколеб буго.

Исламалъ рихьизарурал, чIахIиял вализабаз малъарал нухал ккуни, халкъалда гьоркьоб гьуинлъи, цоцаде хIурмат, рокьахинлъи цIикIкIуна. Дунялгун ахират битIула. Амма гьелъул гIаксалда хIалтIани, я дунялалъул рахIат лъаларо, я ахираталда рохел бихьуларо. Аллагьас кумек гьабеги нилъее кинабниги лъикIабщиналъе! Амин!

* * *

## ГIемер букIин гуро

**Диналъ нилъ ахIула лъикIлъи гьабизе, вацлъигун гьудуллъи щула гьабиялде, цогиязул хIал бикьун ургьелал гIахьал гьари гIадал гIамалазде. Гьел гIамалазда гьоркьобе уна садакъа-хайрат гьабиги. Гьеб гIамалги буго жинде БетIергьан Аллагьасгун хирияв Аварагас (гI.с.в.) нилъ ахIулеблъун. Хирияб Къуръаналда буго (магIна): «Нижеца ризкъилъун къуралдаса нужеца напакъаде жо кье…», - ян (суратул «Мунафикъун», 10 аят).**

Абула садакъа Алжаналда аслу жиндир бугеб ракьалде дализабураб гъотIол мисалалда бугин, гьелъул гIаркьалабазда хурхине тIалаб гьабун щив чи вугониги гьелъ гьев Алжаналдеги вачунин абун. Гьебго гьветIалда рельълъинабун буго къарумлъиги, жиндир аслу жужахIалдаса бугеб, гьелда хурхине къасд гьабурав гьелъ жужахIалдеги цIала. Аварагас (гI.с.в.) абун буго: «**Муъминчиясул садакъаялъ гьелъул бетIергьанасдаса дунялиял балагьал, хабал питнаби, Къиямасеб къоялъул гIазабал нахъчIвала**», - абун.

Сахаватлъиялъулгун садакъадул бицунелъул, бачIинахъего ракIалда бачIуна, гьеб кколин боцIи-мал гьелде хIажатазе кьейин абураб жо. ХIакъикъаталдайин абуни садакъа гIицIго боцIи-мал кьеялда кьокъун букIунаро. Тирмизиясдасан нилъехье щвараб хIадисалда буго: «**Мун бусурбанчиясдехун гьумер битIун кIалъай - садакъа, лъикIалде цогидал гьесизари ва гьукъаралдаса гьел кантIизари - садакъа, нухда мекъи ккарав витIизави - садакъа, канлъи загIипасе кумек гьаби - садакъа, нухдаса гамачI, заз-хъарахъ, ракьа гIадаб жо (гьенисан хьвадулезе квалквал гьабулеб) нахъе рехи - садакъа, дурго цIарагIалда жаниб бугеб лъим, диналъул вацасулалъубе тIей - садакъа**», - ян. ХIадисалда рехсараздa рельълъарал гIемерал гIамалал руго, Аварагасги (гI.с.в.) гьарулел рукIани абун, нилъеца тIуразаруни кири хIасуллъулел, цинги жалги садакъалъун ратулел.

«**Нужеца жужахIалъул цIаялдаса цIуни гьабе бащдаб чагьасдак садакъаде къуни, гьеб гьабизе рес батичIес лъикIаб рагIиялдалъунгIаги гьабе** (садакъа)», - абун буго Бухарияс бицараб хIадисалда. Гьелдаго рельълъун буго аскIов гьечIев диналъул вац лъикIалдалъун рехсей, цогидаздаса жинде ккараб зулму-зарал тIаса лъугьун тей, унтарасухъе ваккизе ин, хварасул жаназа тIобитIи гIадал шаргIалъ тIуразаризе рихьизарурал цогидал гIамалалги. ХIадисалда буго: «**ШаригIаталъ бегьизабураб щибаб гIамал гьабиги садакъа ккола**», - абун (**Муслим**).

Аллагьас къабул гьабеги гьабураб лъикIаб гIамал! Амин!

**«Ассалам» газеталдаса босараб**

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

В соответствии с п. 3 статьи 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации Министерство цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации настоящим сообщает, что в целях размещения антенно-мачтовых сооружений связи по проекту «Устранение цифрового неравенства» возможно установление публичного сервитута в отношении следующих земель и земельных участков (их частей):

05:38:000052:701, по адресу: Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-н Цумадинский, с. Тинди;

05:38:000058:75, по адресу: местоположение установлено относительно ориентира, расположенного в границах участка. Почтовый адрес ориентира: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с. Гакко;

05:38:000053:136, местоположение установлено относительно ориентира, расположенного в границах участка. Почтовый адрес ориентира: Республика Дагестан, Цумадинский р-н, с. Квантлада;

05:38:000025, по адресу: Республика Дагестан, муниципальный район Цумадинский, сельское поселение сельсовет Цумадинский, село Ричаганих;

05:38:000069:6, по адресу: Республика Дагестан, район Цумадинский;

05:38:000061:87, по адресу: Республика Дагестан, район Цумадинский, село Саситли;

05:38:000059:77, по адресу: Республика Дагестан, район Цумадинский, село Сильди;

05:38:000000:487, по адресу: Республика Дагестан, район Цумадинский, село Хвайни, ул. Асхаба Абдуразакова, № 1а;

05:38:000054:298, местоположение установлено относительно ориентира, расположенного в границах участка. Почтовый адрес ориентира: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с/с Хваршинская с/администрация;

05:38:000035, по адресу: Республика Дагестан, муниципальный район Цумадинский, сельское поселение сельсовет Цумадинский, село Цумада.

Обоснованием необходимости установления публичного сервитута являются мероприятия по размещению антенно-мачтовых сооружений связи для устранения цифрового неравенства между городскими и сельскими жителями, предоставления возможности оказания современных услуг связи жителям населенных пунктов с численностью населения от 100 до 500 человек (проект «Устранение цифрового неравенства»).

Заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута в Министерстве цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации по адресу: 123112, Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал; в администрации сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368905, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Тинди, ул. Паранга, д. 46;

в администрации сельского поселения «Село Гакко» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Гакко, Центральная ул., д. 1; в администрации сельского поселения «Сельсовет Инхокваринский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Инхоквари, ул. Имени Магомеда Магомедалиевича Алиева, д. 7; в администрации сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Цумада, ул. 70 лет Победы, д. 11;

в администрации сельского поселения «Село Саситли» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Саситли, ул. Шейха Хусена, д. 8; в администрации сельского поселения «Село Сильди» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Сильди, ул. Шамиля Завурова, д. 6;

в администрации сельского поселения «Сельсовет Эчединский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Эчеда, ул. Кади Абакарова, д. 15; в администрации сельского поселения «Сельсовет Хваршинский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Хварши, ул. Имени Загалава Афанди, д. 62.

Подать заявления об учете прав на земельные участки можно по адресу Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал).

Срок подачи заявлений об учете прав на земельные участки, в отношении которых испрашивается публичный сервитут, составляет 15 (пятнадцать) дней со дня опубликования данного сообщения (в соответствии с п. 8 ст. 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации).

Время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и подачи заявлений:

Понедельник -четверг: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 17:00;

Пятница: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 15:00.

Подробнее о порядке приема граждан можно узнать на сайте https://digital.gov.ru/ru/appeals/personal/.

Данная информация размещена на официальных сайтах Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (https://digital.gov.ru/ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://tindi-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Село Гакко» Цумадинского района Республики Дагестан (https://gakko-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет Инхокваринский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://inxokvari-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://cumada-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Село Саситли» Цумадинского района Республики Дагестан (https://sasitli-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Село Сильди» Цумадинского района Республики Дагестан (https://sildi-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет Эчединский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://echeda-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), в администрации сельского поселения «Сельсовет Хваршинский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://xvarshhi-r82.gosweb.gosuslugi.ru/).

# «Профессиональный марафон- 2026»

Уважаемые выпускники и родители, наступает важный этап - окончание школы и переход ко взрослой жизни.

Территориальным центром занятости населения проводится декада профориентационных мероприятий «Профессиональный марафон -2026» среди молодежи, в том числе выпускников общеобразовательных школ в рамках всероссийской ярмарки трудоустройства «Работа России. Время возможностей».

Мероприятие проводится с целью оказания помощи выпускникам общеобразовательных школ в профессиональном самоопределении их на выбор профессии.

**ЦЗН в МО «Цумадинский район»**

# Уведомление о проведении общественных обсуждений

Заказчик: ООО «Газпром газификация» (ОГРН: 1217800107744; ИНН: 7813655197); юридический адрес: 194044, город Санкт-Петербург, Большой Сампсониевский пр-кт, д. 60 литера А, телефон: +7(812) 613-33-00, электронная почта: info@eoggazprom.ru

Исполнитель работ по оценке воздействия на окружающую среду: Генеральный проектировщик: ООО «ТрансСтройИнжиниринг», юридический адрес: 450106, Республика Башкортостан, г. Уфа, ул. Рабкоров, д.2, телефон: +7 (347) 246-67-07, электронная почта: info@tsengin.ru

Орган местного самоуправления, ответственного за организацию общественных обсуждений: Администрация МР «Цумадинский район» (ОГРН: 1020500562697; ИНН: 0537002531), юридический адрес: 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. К. Абакарова, д. 95/2, телефон: +7 (8722) 55-11-70, электронная почта: tsumadarayon@e-dag.ru

Наименование планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности:

Распределительный газопровод в н.п. Гакко Цумадинского района Республики Дагестан

Цель планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности: Организация газоснабжения села Гакко Цумадинского района РД

Предварительное место реализации планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности: Республика Дагестан, Цумадинский район, село Гакко

Планируемые сроки проведения оценки воздействия на окружающую среду: 2 месяца

Место и сроки доступности объекта общественного обсуждения: Предварительные материалы оценки воздействия на окружающую среду (ОВОС) по объекту «Распределительный газопровод в н.п. Гакко Цумадинского района Республики Дагестан» и журнал замечаний и предложений общественности доступны по адресу: 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. К. Абакарова, д. 95/2, телефон: +7 (8722) 55-11-70, с 24.04.2026 - 08.05.2026 по рабочим дням.

В электронном виде материалы размещены: с 24.04.2026 - 08.05.2026 на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети интернет по адресу: https://www.mr-tsumada.ru/

Форма представления замечаний и предложений общественности: Замечания и предложения общественности принимаются в письменной форме в месте ознакомления с указанными материалами, регистрируются в журнале учета замечаний и предложений общественности, а также принимаются в электронном виде по адресу электронной почты tsumadarayon@e-dag.ru (с пометкой общественные обсуждения) или почтой России по адресу: 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. К. Абакарова, д. 95/2.

Срок проведения общественных обсуждений: с 24.04.2026 - 08.05.2026

Контактные данные ответственных лиц со стороны заказчика:

Представитель заказчика работ по оценке воздействия на окружающую среду: ООО «СтройГазКомплект» - Буткевич Лидия Викторовна-инженер по охране окружающей среды, тел. тел. +7(911)792-12-98, spb@stroigazcomplekt.ru

Представитель Заказчика в регионе (Агент) - ООО «ГазификацияСпецПроект» - тел. 8 (812) 363-00-36, info@sroproject.ru

Представитель органа местного самоуправления: Администрация МР «Цумадинский район» - (инженер III категории МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» МР «Цумадинский район», Магомедов Ахмед Шахбанович, 8 963 418 16 33).

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Цумадинский» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 4,4 | 4,4 | 3,1 | 70,5 |
| 2 | Земельный налог | 6,0 | 6,0 | 0,8 | 13,3 |
| 3 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | 1,8 | 36,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 30,0 | 30,0 | 20,0 | 66,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 3,7 | 74,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **50,4** | **50,4** | **29,4** | **58,3** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1685,0 | 2140,0 | 2140,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **1891,7** | **2348,1** | **2348,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1942,1** | **2398,5** | **2377,5** | **99,1** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1740,8** | **1557,0** | **1557,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1190,7 | 1190,7 | 1190,7 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **130,0** | **130,0** | **130,0** | |
| 3 | **ВУС** | **208,1** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 136,0 | 136,0 | 100,0 |
| 4 | **ЖКХ** | **30,0** | **391,8** | **391,8** | 100,0 |
| 5 | **Культура** | **180,0** | **180,0** | **0,0** | 0,0 |
| | в т.ч. зарплата | 138,0 | 138,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **Всего расходов** | **2288,9** | **2466,9** | **2286,9** | **92,7** |
| | в т.ч. зарплата | 1464,7 | 1464,7 | 1326,7 | 90,6 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Цумадинский» З. Джахпаров**

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

1.Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

2. Цель установления ПС: Складирование строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей: «Распределительный газопровод в н.п. Гакко Цумадинского района Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации.

3.Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:38:000058, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000019, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с Гакко;05:38:000058:75, расположен по адресу: Местоположение установлено относительно ориентира, расположенного в границах участка. Почтовый адрес ориентира: Республика Дагестан, р-н. Цумадинский, с. Гакко;05:38:000000:474, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с Гакко, Центральная, д 7б

4.Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

5.Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

6.Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 - 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

7.Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

8.Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

9.Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

1.Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

2.Цель установления ПС: Строительство и эксплуатация линейного объекта системы газоснабжения «Распределительный газопровод в н.п. Гакко Цумадинского района Республики Дагестан».

3.Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:38:000058, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000019, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с Гакко;05:38:000058:75, расположен по адресу: Местоположение установлено относительно ориентира, расположенного в границах участка. Почтовый адрес ориентира: Республика Дагестан, р-н. Цумадинский, с. Гакко; 05:38:000000:474, расположен по адресу: Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с Гакко, Центральная, д 7б

4. Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

5. Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

6. Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 - 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

7.Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

8.Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

9.Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Тисси» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 27,8 | 27,8 | 22,1 | 79,5 |
| 2 | Земельный налог | 8,0 | 8,0 | 4,1 | 51,3 |
| 3 | Налог на имущества | 12,0 | 12,0 | 5,6 | 46,7 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 5,0 | 5,0 | 0,0 | |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 0,9 | 30,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **55,8** | **55,8** | **32,7** | **58,6** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1980,0 | 2090,0 | 2090,0 | 100,0 |
| 2 | прочие субсидии | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 208,1 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **2188,1** | **2298,1** | **2298,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2243,9** | **2353,9** | **2330,8** | **99,0** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1792,7** | **1744,0** | **1744,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1377,0 | 1365,0 | 1365,0 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **30,7** | **88,7** | **88,7** | |
| 3 | **ВУС** | **208,1** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 136,0 | 136,0 | 100,0 |
| 4 | **ЖКХ** | **40,0** | **379,0** | **379,0** | 100,0 |
| 5 | **Культура** | **172,4** | **0,0** | **0,0** | |
| | в т.ч. зарплата | 132,4 | 0,0 | 0,0 | |
| | **Всего расходов** | **2243,9** | **2419,8** | **2419,8** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1645,4 | 1501,0 | 1501,0 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Тисси» О. Гаджиев**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Саситли» за 2025 год

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 20,0 | 20,0 | 7,0 | 35,0 |
| 2 | Земельный налог | 1,0 | 1,0 | 0,6 | 60,0 |
| 3 | Налог на имущества | 13,0 | 13,0 | 1,0 | 7,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | | 0,0 |
| | прочие неналог. | 35,0 | 35,0 | 35,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **71,0** | **71,0** | **43,6** | **61,4** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1504,0 | 1161,5 | 1161,5 | 100,0 |
| 2 | субсидия | | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 206,7 | 1,4 | 208,1 | 100,7 |
| | **Итого** | **1710,7** | **1162,9** | **1369,6** | **117,8** |
| | **Всего доходов** | **1781,7** | **1233,9** | **1413,2** | **114,5** |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1381,0 | 1381,0 | 1068,5 | 77,4 |
| | **в т.ч. зарплата** | **526,0** | **490,6** | **490,6** | **100,0** |
| 2 | Проведение выборов | 55,0 | 45,0 | 100,0 | 100,0 |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | 0,0 | | | |
| 5 | ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **в т.ч. зарплата** | **136,0** | **136,0** | **136,0** | **100,0** |
| 6 | ЖКХ | 48,2 | 94,0 | 94,0 | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | 0,0 | 208,2 | 208,2 | 100,0 |
| | **в т.ч. зарплата** | **0,0** | **158,2** | **158,2** | **100,0** |
| 9 | ФК и спорт | 0,0 | 10,0 | 10,0 | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **1690,9** | **1946,3** | **1688,8** | **86,8** |
| | **в т.ч. зарплата** | **662,0** | **784,8** | **784,8** | **100,0** |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Саситли» Ш. Магомедрашадов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 994
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.